Ассаламу гIалайкум

# АХИХЪАН

№ 13-14 (7518)
31 март
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

ДандчIвай

## Багьаби рорхи ва кризиссалде данде чIарал тадбирал



Араб анкьалда ГI. НурмухIамадовас дандчIвай гьабуна районалъул бизнес-сообществалъул вакилзабазулгун. ДандчIваялъул мурад букIана гIиси-бикъинаб бизнесалда ругел захIмалъаби лъугIизари, дунялалдаги улкаялдаги бугеб хIалалъухъ балагьун районалда экономикаялъулал рахъазда чIара-хьараб хIал букIинаби.

ДандчIвай рагьулаго бетIерас баркала загьир гьабуна бугеб ахIвал-хIал дандбазе гIодор чIезе разилъаразе, цо пикруялде рачIине нух батаразе. «Дие бокьун буго жакъа нужеца нужерго захIмалъабазул нижеда ургъел бикьизе, ниж хIадур руго бугеб хIалалда рекъон нужер гара-чIвариялъухъ гIенеккизе. Баркала буго, нужее, нужер хIалтIулъ чIара-хьараб хIалалъ багьаби эхеде рорхулел гьечIолъиялъухъ, нужерго продуктабазул багьаби ккве, масала, чадил, кигIанго гьелдалъун нужее зарал кколеб бугониги,-ян тIадчIей гьабуна бетIерас.

Предпринимателаз абулелда рекъон: багьаби цо хIалалъ чIезаризе кутакалда захIматго буго. Оптовиказухъа босулаго складаздаго багьалъулел руго продуктаби. Оптовиял багьабазда кьуни гьелъул щибниги хайирги кколеб гьечIо.

Щибаб къойил дандчIвалел цогоял захIмалъабазулги бицана гара-чIварулаго предпринимателаз. Гьедин гьениса учузго босун, масала, капуста, картошка ва цогидабги цIикIкIараб багьабазда бичулеб буго ричарухъабаз.

ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна райадминистрациялъ гIемераб хIалтIи гьабулеб бугин багьаби цо хIалалъ чIезариялъе, гIадамазул бугеб ахIвал-хIалги бичIчIизе ккеларищха,-ян бихьизабуна бетIерас.

«Гьеб хIал хисизабиялъе ва экономикаялда квер чIваялда кумек гьабизе ккола предпринимателаз»,-ян тIадчIей гьабуна экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуевасги. Гьес бихьизабуна битIун букIинин частнияб бизнесалда квер чIвани, гьезул доходал, хIалтIулел бакIал цIунани. Кинабниги нилъер муниципалитеталда хъвай-хъвагIай буго 979 гIиси-бикъинаб ва гьоркьохъеб предпринимательствалъул г1адамазул, гьездасан гIиси-бикъинаб ва гьоркьохъеб буго 708ялъул ва I96 буго индивидуалияб, гьедин самозанятносталъ жаниве вачун вуго 575 чи.

Гьел киназго кьола налогал. Налогазул гIаммаб къадар бахуна 202I соналда I9 млн. 248,3 азарго гъурущалде.

«Пачалихъалъ гIемерал кризисалде данде чIарал тадбирал гьарулел руго нилъ кквеялъе. Гьеб ккола юридическиял ва индивидуалиял лицабазе хIалтIул хIалбихьи гьечIел гIолилал хIалтIизе росиялъе ресал кьун рук1ин. Субсидия бащадаблъун букIине буго лъабго минималияб размер хIалтIул харжалда, страховиял взносазулги коофициентги цIикIкIинабун. ХIалтIи бачунев ине бегьула занятосталъул хъулухъалде. Гьединго араб соналъул I марталда хIалтIи гьечIевлъун рикIкIарав щивав хIалтIи гьечIесе рес кьола социалияб контракталдалъун социалияб кумек захIматаб заманаялъ щвеялъе,-ян абуна ГIадуевас. –Гьеб мехалъ рагьизе бегьула ЛПХ ва занятосталдасан щола кумек, дагьго хьезаруразе материалияб кумекги. Бокьа-бокьараз дур хIалтIул хал гьабулеб бугони, гьездасан документ тIалаб гьабизе бегьула, гьеб информация бетIерасде бахъизе бегьула.

ДандчIвай ана чIагояб гара-чIвариялда. КIиябго рахъалъ ричIчIана цоцада ва рачIана районалъул экономика щула гьабиялъе квербакъиялде.

## Аппараталъулаб данделъи



Гьал къоязда бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь районалъул администрациялда букIана иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьениб суалал хьатIана спорталда, гIолилазул политикаялда, бакIал раялда, хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда, предпринимателазда кверчIваялда, ва цогидалдаги. Районалъул бетIерас бицана РДялъул тIабигIиял ресурсазулгун ва экологиялъул министерствалдаса рачIаразулгун дандчIваялъул, гьединго районалда витIарав цIияв прокурорасулги. Гьединго ГIиса НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна хIалхьи гьабиялъул къоязда районалда тIобитIанин рекериялъул къецал,-абун. Гьенир тIолабго улкаялдаса 600 чи гIахьаллъана. Гьел къецазул ахир гьабуна Шамильхъалаялда. Районалда гIемераб хIалтIи гьабулеб буго рагъул заманалда багьаби рахунгутIиялъеги.

БетIерас бицана хIалтIухъабаз тIуразарулел кагътазул бугеб хIалалъулги.

ЦIияв прокурор

## Лъай-хъвай гьабе, ГI. Маликов



25 марталда муниципалитеталъул администрациялда букIана районалъул цIияв прокурор тIамиялде буссараб данделъи. Гьаб соналъул I8 марталда РФялъул Генералияв прокурорасул приказалда рекъон, Унсоколо районалде тIамун вуго ГIабдурагьим Маликов.

(Ахир 3 гьумералда)

# Республика Дагестан
# Унцукульский район
## Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт Шамилькала ул. М. Дахадаева 3, тел. 55-62-87

## РЕШЕНИЕ
## Об исполнении бюджета МО «Унцукульский район» Республики Дагестан за 2021 год

**Принято Собранием депутатов муниципального района от «24» марта 2022 г. №19**

**В соответствии с Положением о бюджетном процессе в МО «Унцукульский район», рассмотрев и обсудив информацию начальника отдела финансов Администрации МО «Унцукульский район» Шамсудинова Ж. М.**

Собрание депутатов муниципального района

**РЕШАЕТ:**

1. Принять к сведению информацию начальника финотдела МО «Унцукульский район» о проделанной работе по исполнению доходной и расходной части бюджета района за 2021 год.

2. Одобрить и утвердить отчет об исполнении бюджета Унцукульского района за 2021 год согласно приложению №1 к настоящему Решению.

3. Руководителям и бухгалтерам учреждений района, финансируемых из районного бюджета, осуществлять расход денежных средств, строго по целевому назначению.

4. Работу ИМНС по Унцукульскому району, а также глав МО поселений по сбору налоговых и неналоговых платежей в бюджеты поселений считать удовлетворительной.

5. Обязать администрации придерживаться установленных лимитов численности работников органов местного самоуправления в соответствии с Постановлением Республики Дагестан от 27.06.2014 года №295.

Настоящее Решение вступает со дня опубликования.

**Глава муниципального района**
**И. Нурмагомедов**

Приложение № 1
к Решению собрания депутатов
«Об исполнении бюджета за 2021 год» №19 от 24 марта 2022г.

# ОТЧЕТ
## об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 2021 год

| Наименование показателя | Вед рз ПР ЦСР ВР ЭКР | План | Поступило | Перечислено | отклонение | % исп. | остаток на конец |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. ВСЕГО ДОХОДОВ 2021 года (д+б/к): | | 975 442 425,06 | 982 877 746,06 | 954 316 832,05 | 7 435 321,00 | 101% | 28 560 914,01 |
| ДОХОДЫ 2021 года: | | 975 442 425,06 | 982 877 746,06 | 954 316 832,05 | 7 435 321,00 | 101% | 28 560 914,01 |
| 1. НАЛОГОВЫЕ И НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ: | 000 1 00 00000 00 0000 000 | 107 997 265,00 | 118 763 622,28 | 102 365 383,27 | 10 766 357,28 | 110% | 16 398 239,01 |
| - муниципального района | 000 2 00 00000 00 0000 000 | 99 001 265,00 | 111 067 307,58 | 95 200 159,85 | 12 066 042,58 | 112% | 15 867 147,73 |
| - поселений | 000 2 00 00000 00 0000 000 | 8 996 000,00 | 7 696 314,70 | 7 165 223,42 | -1 299 685,30 | 86% | 531 091,28 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ: | 000 2 02 01000 00 0000 000 | 867 445 160,06 | 864 114 123,78 | 851 951 448,78 | -3 331 036,28 | 100% | 12 162 675,00 |
| 2. БЕЗВОЗМ. ПОСТУПЛЕНИЯ от других бюджетов бюдж.сист.: | 000 2 02 02000 00 0000 150 | 867 285 753,06 | 864 672 426,78 | 853 496 823,12 | -2 613 326,28 | 100% | 11 175 603,66 |
| - дотации | 000 2 02 02000 00 0000 150 | 186 298 400 | 186 298 400 | 186 298 400 | 0 | 100% | 0 |
| - субсидии | 000 2 02 03000 00 0000 150 | 54 813 933,42 | 52 201 807,14 | 41 526 703,48 | -2 612 126,28 | 95% | 10 675 103,66 |
| - субвенции | 000 2 02 03000 00 0000 150 | 613 513 419,64 | 613 512 219,64 | 613 218 719,64 | -1 200 | 100% | 293 500 |
| - иные межбюджет. трансферты | 000 2 02 04000 00 0000 150 | 12 660 000 | 12 660 000 | 12 453 000 | 0 | 100% | 207 000 |
| - поступления от денежных пожертвований (меценатов-юр/л) | | 159 407 | 0 | 0 | -159 407 | 0% | 0 |
| - поступления от денежных пожертвований (меценатов-ф/л) | 000 2 02 05000 00 0000 150 | 0 | 0 | 0 | | | 0 |
| - поступления от возвратов | 000 2 02 05000 00 0000 150 | 0 | 0 | 0 | 0 | | 0,00 |
| - Возврат в респ. бюджет цел. средств на 01.01.2020г. (остаток) | 000 2 02 05000 00 0000 150 | | -558 303 | -558 303 | 0 | | 0 |
| Дотация и Вус поселений на ОКМ счете | | | | -987 071,34 | 0 | | 987 071,34 |
| II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА | | | 0 | 0 | | | 0 |
| - БЮДЖЕТНЫЙ КРЕДИТ | | | | | 0 | | 0 |

| **Наименование учреждений и поселений** | **План** | **перечислено по реестрам** | израсходовано по отчету | **отклонен.** | **% исп.** | **ост. на конец** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| I. ВСЕГО РАСХОДЫ 2021 года (р+б/к): | 1 013 841 482,18 | 991 127 031,49 | 989 052 907,08 | -22 714 450,69 | 98% | 2 074 124,41 |
| 1.Райадминистрация | 185 448 371,23 | 171 459 299,68 | 169 538 633,27 | -13 989 071,55 | 92% | 1 920 666,41 |
| 2.Контрольно-счетная палата | 1 127 746,00 | 1 127 746,00 | 1 127 746,00 | 0 | 100% | 0 |
| 3. Собрание депутатов муниципального района | 1 910 098,00 | 1 910 098,00 | 1 910 098,00 | 0 | 100% | 0 |
| 4. Отдел финансов | 3 038 222,00 | 3 038 222,00 | 3 038 222,00 | 0 | 100% | 0 |
| 5. МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущ. отношений» | 4 831 712,00 | 3 881 712,00 | 3 880 712,00 | -950 000 | 80% | 1000 |
| 6. МКУ «Центр обслуживания муниципальных учреждений» | 8 379 811,00 | 8 379 811,00 | 8 379 811,00 | 0 | 100% | 0 |
| 7. МКУ Отдел образования | 6 642 277,00 | 6 642 277,00 | 6 642 277,00 | 0 | 100% | 0 |
| 8. МКДОУ №1 «Ромашка» с.Унцукуль: | 21 322 245,00 | 21 226 745,10 | 21 226 745,10 | -95 500 | 100% | 0 |

**Продолжение на 4 странице)**

Данделъи

# КъвакӀарал коммуналиял хутӀелазда хурхун



23 марталда районалда тӀобитӀана республикаялдасаго жавабиял гӀадамалги рачӀараб данделъи. Гьеб гӀуцӀун букӀана РДялъул тӀабигӀаталъул ва тӀабигӀиял ресурсазулгун экологиялъул Министерствалъ. Данделъи буссараб букӀана къвакӀарал коммуналиял нахъчӀваязул суал республикаялда кин тӀубазабилеб абураб суал дандбазе. Гьенибго хъатӀана мусор бакӀариялъул, гьеб нахъе баччи гӀуцӀиялъул, ракьулъ букъун МугӀрул территориял зонабазда букӀине кколеб рацӀцӀалъи чӀезабиялъул суалазда.

Данделъиялда гӀахьаллъана РДялъул тӀабигӀиял ресурсабазул ва экологиялъул министрасул ишал тӀуралев И. Ибрагьимов, «Унсоколо район» МОялъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадов, сверухълъи цӀуниялъул управлениялъул нач. С. Билалова, МахӀачхъалаялъул МБУялъул директор М. Жамалудинов, МахӀачхъалаялъул тӀабигӀат цӀуниялъул рахъалъ прокуратураялъул прокуророрасул зам. М. Лукьянов, РДялъул Роспотребнадзоралъул вакилзаби, гӀемерал республикаялъул районазул бутӀрул ва цогидалги.

Суал гьоркьоб лъей ана дискусиялъул ва гара-чӀвариялъул форматалда. КӀалъаяздасан ва цоцазе кьолел суалаздасан бихьулеб букӀана мусор киса-кибего кӀвар бугеб суаллъун лъугьун букӀин. Киназулго батӀи-батӀиял пикраби гьелъул рахъалъ ругониги, мурад бугоан тӀабигӀиял ресурсал рацӀцӀадго цӀуни, экология коммуналияб мусоралъ хвезабизе течӀого чӀезаби.

Данделъи рагьулаго Унсоколо районалъул бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовас кӀвар буссинабуна жив цӀакъ вохарав вугин гӀагараб ракьалда нуж, РДялъул шагьараздасагун гӀемерал районаздаса вакилзаби тӀаде къабул гьаризе щвеялдаса,-абун.

«Нижер буго жанисан гӀемераб транспорт унеб транзитнияб район. Гьанисан уна рачӀуна рикӀкӀен гӀемерал туристал, гьел сонидаса сониде гӀемерлъулел руго. Нижеца кидаго хъаравуллъи букӀинабула сверухълъиялда ва нижерго трансзонаялда рацӀцӀалъи чӀезабиялде. Амма киналго муниципалитетаздаго гӀадин гьанибги гьеб суалалда хурхун руго гӀемерал захӀмалъаби. Дие божилъи гьабизе бокьун буго гьаб къокъаб заманалда лъугӀизаризе кӀвелин захӀмалъаби, гьелъие нилъер жакъасеб хӀукмуялъ кверкъи гьабилин»,-абуна бетӀерас.

И. Ибрагьимовасги тӀадчӀей гьабуна захӀмалъаби дагьал гьечӀин мусоралда хурхун, гьел лъугӀизариялъе квербакъизе кидаго хӀадур ругин.

КъвакӀарал коммуналиял хутӀелазул бицунаго С. Билаловалъ тӀадчӀей гьабуна щивас жиндирго территориялда схемабазул къагӀидабиги гӀуцӀун, мусоралъулгун гьабулеб хӀалтӀи рукӀалиде ккезабизе ккколилан. «Ниж хӀадур руго муниципалитетазухъ гӀенеккизе ва кӀвар кьеялда гъоркье босизе нужер киналго бадирчӀваял ва рихьизариял»,-ян бихьизабуна гьелъ.

Данделъиялда къвакӀарал материалазул мусоралъул ва гьезухъ бачӀабазул суал тӀубаялъулъ ругел гӀунгутӀабаздеги кӀвар кьуна. Гьединго тӀадчӀей гьабуна къвакӀарал коммуналиял хутӀелал лъелъе ккезе бегьуларилалъул; гьеб рахъалъ лъикӀал хӀасилал гьечӀинги бихьизабуна.

-Жидер цӀакъ захӀматаб хӀалтӀи бугин бихьизабуна данделъиялда регионалияб аппаратальул директорас. «Нилъеда киназдаго ракӀалда батила арал саназда МахӀачхъалаялда букӀараб мусоралъул къиямасеб къо чӀей. Гьеб гӀумроялде бахъинабизе кӀвана гӀемерисеб рахъалъ ГӀ. НурмухӀамадовасул кумекалдалъун ва цогидал районазул кверчӀваялъги. Баркала кумекалъе рачӀаралъухъ! Нижер МБУялъул хӀалтӀи цӀакъ захӀматаб буго, гӀемерисезда гьеб баччизеги кӀолеб гьечӀо. Ниж хӀадур руго щивасухъ гӀенеккизе, цо хӀукмуялде рачӀине,-ян бихьизабуна кӀалъалаго М. ХӀажиевичас.

ГӀемерал суалал рорхана Хунзахъ, Болъихъ, Гъуниб ЦӀумада ва цогидалги районазул нухмалъулез. Гьезул щивасул рахӀат хун бугоан жидерго территориязда мусоралъул бугеб хӀалалъ.

Данделъиялъул ахиралда ГӀ. НурмухӀамадовас баркала загьир гьабуна гьел суалалгун районалде рачӀаралъухъ, бихьизабуна кидаго кумекалъе ратизе ругилан.

# КӀвар бугел суалалгун

Дагъал церегӀан къоязда районалъул администрациял да тӀобитӀана муниципалитеталъул кӀвар бугел суалал гьоркьор лъураб аппаратальул данделъи. Гьеб рагьулаго бетӀер ГӀ. НурмухӀамадовас кӀвар буссинабуна гьабсагӀаталда районалда бищунго кӀвар бугеб экономикаялъул суалалде. Бихьизабуна тукабаздагун бича-хисиялъул бакӀазда хадуб хал ккун бугин, буго тукабазда продовольственнияб нахърателги,-ян.

Бицен ккана гьал къоязда районалда тӀобитӀараб продовольственнияб ярмаркаялъулги. Бихьизабуна гьеб ишалъулъ гӀемерал гъалатӀал риччан рукӀанин, гьелъ гӀемерисел гӀадамазулъ разилъи гьечӀолъи бижанин. Гьелъ бетӀерас росдал магӀишаталъул отделалда тӀад къана гъалатӀалги ритӀизарун цойги ярмарка гӀуцӀизе. Гьенибго тӀадчӀей гьабуна ярмаркаялда цӀакъго хӀажатал продуктаби ричарухъабазе гурел гӀадамазе щоледухъ букӀинабиялда.

Суал хъатӀана коммерческиял бакӀазда багьаби



рахинари букӀиналда хурхунги. Экономикияб отделалъул нач. М. ГӀадуевасул рагӀабазда рекъон хасаб спецоперация Россиялда унелдаса хадуб районалда багьаби 23 проценталъ раханин. Амма жакъа къоялде гьел гӀезегӀанго гӀодоре рачӀун руго. Кӧкъго абуни гьел рорхулел гьечӀо, кванил продуктабазулги нахърател буго. Гьединго данделъиялда бицана электроэнергиялъул. ГӀ. НурмухӀамадовас тӀадчӀей гьабуна росабалъан гӀарзал ругин ток загӀипаб бугин. –Гьеб хӀал лъазабизе тӀад къан буго хасаб комиссиялда. ТӀадчӀей гьабуна сахлъи цӀуниялда, лъай къеялъул цӀиял объектал раялъул гӀагараб заманалда цере лъурал планазда.

Хадубги ГӀ. НурмухӀамадовас бицана меценатазул ва жидеего бокьун кумек гьабуразулги къуваталдалъун районалъ 7 тонна кванил продуктабазул Донбассалъе битӀанин. Гьелъухъ щивасе ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна бетӀерас. Бихьизабуна Аллагьас нужер гьеб азарго нухалъ кӀодо гьабун тӀад буссинабеги!,-ян. Какал ран гьаризин гьенир ругел нилъер гӀолохъаби квешабщиналдаса цӀунагиян. Щивас цӀунизе ккола нилъеца ВатӀан, рукӀине ккола гьелъул мустахӀикъал лъималлъун!,-ян тӀадчӀей гьабуна хадубги ГӀ. НурмухӀамадовас.

ЦӀияв прокурор

# Лъай-хъвай гьабе, ГӀабдурагьим Маликов

ГӀ. Маликов тӀамиялъул дандчӀваялде рачӀун рукӀана РДялъул прокурорасул зам. Т. ГӀабдулгӀазизов ва Буйнакскиялъул районазда гьоркьосеб цӀех-рехазул отделалъул нухмалъулев ГӀ. Жамбулатов. ДандчӀваялда гӀахьаллъана Россиялъул Унсоколо районалда вугев ОМВДялъул нач. Э. МухӀамадов, администрациялъул аппарат, цогидал ведомствабазул вакилзаби.

Гьеб рагьулаго ГӀ. НурмухӀамадовас бихьизабуна гьаниве витӀун вачӀарав ГӀ. Маликовасдаса вохарав вугин. «Дун божарав вуго мун нижер халкъалъе пайдаялъе хӀалтӀизе вугин, районалда закон ва гӀадлу-низам цӀуниялъе дуца кинабго гьабизе бугин. РакӀ-ракӀалъ гьарула, дуе, хӀасил кьолеб хӀалтӀи»,-абун.

ГӀ. ГӀабдулгӀазизовас бихьизабуна ГӀ. Маликовасул бугин гьеб ишалъулъ бечедаб хӀалбихьи,-ян. «ГӀабдулрагьим Маликов Буйнакскиялда хӀалтӀана прокурорасул замлъун, вукӀана следователасул кумекчилъун. Гьев гьединго хӀалтӀана халкъияб магӀишаталда. ГӀ. Маликовасул буго хӀалтӀулъ кӀудияб хӀалбихьи. Унсоколо районалъе кутакалда лъикӀ ккана гьав прокурорлъун ккей. Щайгурелъул гьав вукӀине вуго нужер гӀадамазул гӀумругун цадахъ.

Щибаб хъулухъалъул функциял руго батӀи-батӀиял. Амма масъала буго цо – ихтияр цӀуни ва гӀадлу-низам букӀин, районалда гӀодобе биччараб хӀал лъугьинаби»,-абун кӀалъана ГӀ. ГӀабдулгӀазизов.

Жиндирго иргаялда цӀияв прокурорас рагӀи кьуна Унсоколо районалъе лъикӀлъиялъе кинабго гьабизе. «Дир нуцӀби кидаго рагьарал рукӀине руго муниципалитеталъул гӀадамазе»,-ян абуна ахиралда ГӀ. Маликовас.

# ОТЧЕТ
## об исполнении консолидированного бюджета МО «Унцукульский район» за 2021 год

| Наименование учреждений и поселений | План | перечислено по реестрам | израсходовано по отчету | отклонение | % исп. | остаток на конец |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 9. МКДОУ №2 «Ласточка» с.Унцукуль: | 27 281 349,80 | 27 175 349,80 | 27 175 349,80 | -106 000 | 100% | 0 |
| 10. МКДОУ №3 «Фиалка» с.Ирганай: | 14 943 433,40 | 14 943 433,40 | 14 943 433,40 | 0 | 100% | 0 |
| 11. МКДОУ №4 «Теремок» с.Гимры | 18 570 684,10 | 18 570 684,10 | 18 570 684,10 | 0 | 100% | 0 |
| 12. МКДОУ №5 «Соколенок» с.Майданск: | 13 260 416,70 | 13 260 416,70 | 13 260 416,70 | 0 | 100% | 0 |
| 13. МКДОУ №6 «Звездочка» с.Балахани: | 6 281 394,70 | 6 281 394,70 | 6 281 394,70 | 0 | 100% | 0 |
| 14. МКДОУ №7 «Улыбка» с.Аракани: | 6 288 305,10 | 6 288 305,10 | 6 288 305,10 | 0 | 100% | 0 |
| 15. МКДОУ №8 «Солнышко» п.Шамилькала: | 21 118 746,80 | 21 088 746,80 | 21 088 746,80 | -30 000 | 100% | 0 |
| 16. МКДОУ №9 «Сказка» п.Шамилькала: | 31 258 882,22 | 31 196 882,22 | 31 196 882,22 | -62 000 | 100% | 0 |
| 17. МКДОУ №10 «Снежинка» с.Кахабросо: | 7 118 757,70 | 7 118 757,70 | 7 118 757,70 | 0 | 100% | 0 |
| 18. МКДОУ №11 «Сосна» с.Ашильта: | 10 138 243,40 | 10 138 243,40 | 10 138 243,40 | 0 | 100% | 0 |
| 19. МКДОУ №12 «Чебурашка» с.Цатаних | 5 834 794,40 | 5 834 794,40 | 5 834 794,40 | 0 | 100% | 0 |
| 20. МКДОУ №13 «Колобок» пос. Гимры: | 10 479 615,40 | 10 479 615,40 | 10 479 615,40 | 0 | 100% | 0 |
| 21. МКОУ «УСОШ №1» с.Унцукуль | 36 454 245,08 | 36 169 645,08 | 36 169 645,08 | -284 600 | 99% | 0 |
| 22. МКОУ «УСОШ №2» с.Унцукуль | 36 521 989,50 | 36 182 189,50 | 36 182 189,50 | -339 800 | 99% | 0 |
| 23. МКОУ «МСОШ « с.Майданск | 40 103 728,75 | 39 863 246,75 | 39 863 246,75 | -240 482 | 99% | 0 |
| 24. МКОУ «АСОШ « с.Ашильта | 29 393 078,80 | 29 156 478,80 | 29 156 478,80 | -236 600 | 99% | 0 |
| 25. МКОУ «КСОШ « с.Кахабросо | 24 330 757,50 | 24 232 957,50 | 24 232 957,50 | -97 800 | 100% | 0 |
| 26. МКОУ «БСОШ « с.Балахани | 34 931 582,80 | 34 731 982,80 | 34 731 982,80 | -199 600 | 99% | 0 |
| 27. МКОУ «ГСОШ « с.Гимры | 51 544 071,60 | 49 601 140,60 | 49 601 140,60 | -1 942 931 | 99% | 0 |
| 28. МКОУ «ЦСОШ « с.Цатаних | 19 911 214,10 | 19 879 014,10 | 19 879 014,10 | -32 200 | 100% | 0 |
| 29. МКОУ «ИСОШ « с.Ирганай | 44 190 214,80 | 44 101 514,80 | 44 101 514,80 | -88 700 | 100% | 0 |
| 30. МКОУ «АСОШ « с.Аракани | 21 084 076,40 | 21 005 976,40 | 21 005 976,40 | -78 100 | 100% | 0 |
| 31. МКОУ «ГПСОШ « п.Гимры | 22 640 560,40 | 22 367 597,40 | 22 367 597,40 | -272 963 | 99% | 0 |
| 32. МКОУ «ШСОШ « п.Шамилькала | 75 948 261,00 | 75 368 895,00 | 75 368 895,00 | -579 366 | 99% | 0 |
| 33. МКОУ «ХООШ « с.Харачи | 8 599 027,70 | 8 586 927,70 | 8 586 927,70 | -12 100 | 100% | 0 |
| 34. МКОУ «МООШ « с.Моксох | 11 791 703,70 | 11 769 003,70 | 11 769 003,70 | -22 700 | 100% | 0 |
| 35. МКОУ «ИООШ « с.Иштибури | 11 495 122,70 | 11 494 122,70 | 11 494 122,70 | -1 000 | 100% | 0 |
| 36. МКУ Школа искусств | 6 596 545,00 | 6 596 545,00 | 6 596 545,00 | 0 | 100% | 0 |
| 37. МКУ Отдел культуры | 39 806 546,25 | 39 806 546,25 | 39 806 546,25 | 0 | 100% | 0 |
| Поселения всего: | 93 223 650,15 | 90 170 712,91 | 90 018 254,91 | -3 052 937,24 | 97% | 152 458 |
| - МО «Село Ашильта» | 4 635 995,15 | 4 330 822,15 | 4 330 822,15 | -305 173,00 | 93% | 0 |
| - МО «Село Гимры» | 9 780 131,69 | 9 625 498,29 | 9 625 498,29 | -154 633,40 | 98% | 0 |
| - МО «Село Ирганай» | 5 914 590,87 | 5 839 332,00 | 5 839 332,00 | -75 258,87 | 99% | 0 |
| - МО «Село Харачи» | 2 459 438,92 | 2 451 240,56 | 2 451 240,56 | -8 198,36 | 100% | 0 |
| - МО «Село Цатаних» | 4 182 108,77 | 4 164 877,66 | 4 012 419,66 | -17 231,11 | 100% | 152 458 |
| - МО «Сельсовет Араканский» | 4 269 938,73 | 4 214 428,00 | 4 214 428,00 | -55 510,73 | 99% | 0 |
| - МО «Сельсовет Балаханский» | 5 513 898,62 | 5 460 831,00 | 5 460 831,00 | -53 067,62 | 99% | 0 |
| - МО «Сельсовет Иштибуринский» | 4 207 155,68 | 4 191 405,05 | 4 191 405,05 | -15 750,63 | 100% | 0 |
| - МО «Сельсовет Кахабросинский» | 3 972 617,13 | 3 961 817,13 | 3 961 817,13 | -10 800,00 | 100% | 0 |
| - МО «Сельсовет Майданский» | 11 810 481,27 | 11 810 481,27 | 11 810 481,27 | 0,00 | 100% | 0 |
| - МО «Сельсовет Унцукульский» | 18 586 466,95 | 16 804 927,13 | 16 804 927,13 | -1 781 539,82 | 90% | 0 |
| - МО «Поселок Шамилькала» | 17 890 826,37 | 17 315 052,67 | 17 315 052,67 | -575 773,70 | 97% | 0,02 |
| II.ИСТОЧНИКИ ФИНАНСИРОВАНИЯ ДЕФИЦИТА БЮДЖЕТА (Остаток на конец 2019 года) | 37 840 754,22 | 35 693 593,44 | 35 693 502,20 | - 2 147 160,78 | 94% | 91,24 |
| в том числе: | | | | | | |
| а) Расходы за счет переходящего остатка района | 37 634 412,12 | 35 562 933,66 | 35 562 842,42 | -2 071 478,46 | 94% | 91,24 |
| б) Возврат в республиканский бюджет с района | -558 303,00 | -558 303,00 | -558 303,00 | 0,00 | 100% | 0 |
| в) Расходы за счет переходящего остатка поселений | 764 645,10 | 688 962,78 | 688 962,78 | -75 682 32 | 90 % | 0 |
| ВСЕГО ОСТАТОК на конец отчетного периода | | | | | | 32 782 199, 22 |

# Бузнасан бахъулеб нух ва кумекчагIи

МугIрузул районазде машинаби хьвадулареб заманалда Шура ва Анжи шагьаразде гIадамал унаан гIодосан яги чуязул гьаказдаги рекIун. Гьеб заман лъалел гIадамал къанагIат хутIун ратила жакъа къоялде. Кин букIаниги инсаният къо бахъанагIан цебетIолеб бугелъул, гIадамалги, хасго магIарухъ ругел церехун ана, ресалде рачIана, рукIа-рахъин тIубанго хисана лъикIаб рахъалдехун. Дида лъалеб мехалдацин ХъахIабросулъ букIана колхозалъул цо ГАЗ-5I машина. Гьеб машинаялъ гьабулаан росулъ кинабго хIалтIи. ГьабсагIаталда росулъ буго 200 ялдаса цIикIкIарал батIи-батIиял тайпабазул машинаби.

Цере Хьаргабисан хьвадулел рукIарал ратани МахIачхъалаялде гьанже хьвадулел руго Генуб росулъан бугеб тунелалъусан. Нилъер гьаниб бана Россиялдаго цIар рагIараб Рихьуни ГЭС. Гьенив хIалтIулев вукIана Болъихъ районалдаса Дибиров МухIамадкамил.

ГЭСги бан лъугIана, хIалтIухъабиги рахъ-рахъазде рикьун ана, амма МухIамадкамилил анищ хутIана. Гьесул пикру бижана «Бузнасан» нух бахъизе. ХIалхьиялда чIезе кIоларев МухIамадкамилил нухмалъиялда гъоркь 20I5 соналда байбихьана ЧIикIаб росдал рагIалдасан нух бахъизе, кIиябго гIор жубалеб бакIалде. Гьеб нухалъул манзил ккола гIага-шагарго 3I км.

**(Ахир 6 гьумералда)**

# Уважаемые жители, Унцукульского района!

Министерство внутренних дел по Республики Дагестан крайне беспокоит интенсивный рост преступлений совершенных с использованием банковских карт, средств мобильной связи и информационно телекоммуникационной сети Интернет.

В последнее время получили распространение различные способы хищения денежных средств мы приведем примеры наиболее актуальных схем мошенничества.

Например неустановленное лицо совершает звонок на мобильный телефон гражданина, представившись сотрудником ПАО «Сбербанк» сообщает, что на его банковском счету накопились бонусные баллы за активное пользование банковской картой, которые можно перевести в денежный эквивалент. Для проведения данной операции мошенники просят назвать полные банковской карты, в том числе CVC код (на оборотной стороне трехзначный код) и коды, поступившие в смс сообщениях с сервисного номера 900, с помощью которых мошенники совершают вход в Онлайн банка клиента и похищают денежные средства со счета.

По указанному способу был введен в заблуждение житель Унцукульского района, обманным путем получили необходимые сведения и совершили хищение денежных средств с банковского счета жителя нашего района. Аналогичные случаи рассылки смс сообщений, содержащих информации о том, что банковская карта абонента заблокирована в силу ряда причин. Иногда подобные сообщения содержат призыв перевести денежные средства для разблокировки карты, иногда абонента просят позвонить или отправить смс на короткий номер.

Запомните, сотрудник банка никогда не попросит вас назвать номер банковской карты и коды, поступившие в смс сообщении, данные сведения не требуется для проведения какой либо проверки реальному сотруднику банка.

Сегодня также актуальна такая схема мошенничества на различных интернет сайтах размещаются различные интернет ролики о дополнительном заработке, не выходя из дома, то есть вложение денежных средств в активы, валюту, драгоценные изделия, металлы и нефтепродукты. Например при контакте с представителями биржи, гражданам предлагают установить программное приложение «Anidex», в котором доверчивый гражданин вносит необходимые сведения банковского счета, и совершает операции по вложению денежных средств на разные предполагаемые категории. Мошенники в течении некоторого времени вводя в заблуждение гражданина, перечисляют ему на счет различные суммы денежных средств, при этом уверяя его, что в его же интересах не тратить накопленные средства, чтобы не потерять в дальнейшем прибыль. Наблюдая за происходящим граждане думают, что необходимо вложить большую сумму денежных средств. Тем временем мошенники наблюдая в онлайн режиме за счетом гражданина, в нужный момент посредством удаленного доступа через программное приложение «Anidex» совершают хищение денежных средств хранящих на банковском счете гражданина, путем перечисления на различные счета.

Прежде чем устанавливать какое либо приложение или программное обеспечение ознакомьтесь с чем имеете дело. Так же стоит рассмотреть такую схему мошенничества как покупка авиабилетов через Интернет. В связи с удобством приобретения билетов без необходимости выезда куда либо и траты своего времени, люди выбирают дистанционный способ приобретения билетов на самолет.

Данная сфера не осталась без внимания мошенников, за последний год существенно увеличилось количество жалобна обман при покупке электронных билетов. Создать Интернет сайт по продаже авиабилетов дело нескольких часов, на смену его названия и адреса и внешнего оформления требуется еще меньше времени. Как правило, обман раскрывается не сразу, некоторые узнают о том что их билеты не существуют, лишь в аэропорту.

Для избежание подобных ситуаций стоит пользоваться услугами Интернет сайта авиакомпании и агентства по продаже билетов, давно зарекомендовавших себя на рынке. С осторожностью отнеситесь к деятельности неизвестных сайтов, особенно тех кто привлекает ваше внимание специальными предложениями и низкими ценами. Не переводите деньги на электронные счета и кошельки, без предварительного звонка в авиа компанию, чтобы убедиться что ваш рейс существует и билеты на него еще есть.

Нередки случаи мошенничества, связанные с деятельностью Интернет магазинов. Чем привлекают потенциальных жертв мошенники? Прежде всего необоснованно низкими ценами. При заказе товара вас попросят внести предоплату, зачастую путем внесения денежных средств. Далее магазин будет в течении нескольких дней будет придумывать отговорки и обещать вам скорую доставку товара, а потом исчезнет или пришлет некачественный товар.

Цель подобных сайтов обмануть максимально большое количество людей за короткий срок. Помните что серьезные Интернет магазины не будут вас просить перечислить денежные средства на виртуальный кошелек или на мобильный телефон. Поищите информацию о магазине сети Интернет, как долго он находится на рынке. При необходимости потребуйте от администратора магазина предоставить вам информацию о юридическом лице, проверьте ее, используя общедоступные базы данных налоговых органов и реестр юридических лиц.

Многие люди сегодня пользуются различными программами для обмена сообщениями и имеют аккаунты в социальных сетях. Миллионы людей каждый день сидят вInstagram возможные клиенты для множества бизнесов и магазинов. Однако для того чтоб о услуге и товаре узнали пользователям сети нужна реклама, и одним из самых популярных способов является покупка мощного и раскрученного аккаунта т.е с большим количеством подписчиков. Суть схемы такова мошенник создает аккаунт и наполняет его «мертвыми душами» и «мертвой активностью» для того чтоб продать платное размещение рекламодателю. Мошенник подкупает подписчиков и лайки(под постами), просмотры , комментарии, рекламодатель оценивает это и думает что перед ним раскрученный аккаунт и он готов за него хорошо заплатить.

Способ узнать не вводят ли вас в заблуждение попросить скинуть сканы с сториз( их пока не крутят на постоянной основ) и оценить сколько живых людей в аккаунте.

Преступникам в наши дни не нужно проводить сложные технические мероприятия для доступа к персональным данным, люди охотно делятся ими сами. Размещая детальные сведения о себе в социальных сетях, пользователи доверяют их тысячам людей, далеко не все из которых заслуживают доверия.

Общение в сети интернет в значительной степени обезличено, и за фотографией профиля может скрываться кто угодно. Поэтому не следует раскрывать малознакомому человеку такие подробности вашей жизни которые могут использоваться для внушения доверия и бать использованы против вас. Не забывайте что никто лучше вас самих не сможет позаботиться о сохранности той личной информации, которые вы не хотите делиться с общественностью.

К сожалению большая часть людей думают что при возникновении подобной ситуации они смогут сразу понять что их хотят обмануть мошенники. Но как видно чаще всего люди не зная основных и вероятностных способов мошенничества, идут на поводу у мошенников для получения скидок и бонусов, усыпляя бдительность у граждан обещаниями легких денег.

## В Унцукульском районе завершился всероссийский спортивный марафон Dagestan Wild Trail



26-27 марта в нашей республике состоялось спортивно-массовое мероприятие, участие в котором приняло более 1600 человек со всех уголков страны. Как и в прошлом году, торжественная завершающая часть трейлового забега состоялась на территории Унцукульского района.

Здесь, в поселке Шамилькала, был организован финишный городок.

Организатором забега является Антон Жилин. Забег проводится ежегодно при поддержке Министерства спорта и физической культуры РД, а также активной поддержке администрации Унцукульского района.

Марафон включил в себя 4 дистанции: 15 км, 35 км, 65 км, 120 км. Старт одной из дистанций – на 15 км - состоялся 26 марта в селении Ирганай Унцукульского района.

В тот же день в поселке Шамилькала в торжественной обстановке проводился финиш спортивного состязания. В этот день для участников мероприятия и гостей организовали концертную программу, подворья, участие в которых приняли многие муниципалитеты нашей республики. Для детишек была организована отдельная программа, где они в очень веселой, игровой форме провели время. Также были организованы угощения и горячее питание.

В каждом подворье были представлены изделия и сувениры дагестанских умельцев. Среди них были расписанные вручную сумки, платки, гоцатлинские серебряные изделия, кубачинские украшения, и конечно, унцукульские изделия, инкрустированные насечкой.

Официальную часть открыл глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов. Он поприветствовал всех гостей мероприятия и поблагодарил за то, что организаторы выбрали именно наш район для его проведения. «Я уверен, что в последующем такие мероприятия будут проходить еще интереснее и ярче. Потому что я вижу, как растет интерес наших граждан к спорту, состязаниям. Всем огромное спасибо за участие и удачи!», - сказал Иса Магомедович.

Участие в торжественном мероприятии приняли почетные гости: глава Хунзахского района Нурмагомед Задиев, министр по туризму и народным художественным промыслам РД Эмин Мерданов, министр промышленности и торговли РД Низам Халилов и др.

«Такие мероприятия очень способствуют сплочению наших народов, дружбе, здоровому образу жизни. Спасибо вам за мероприятие и за гостеприимство!», - отметил в своем выступлении глава Хунзахского района Нурмагомед Задиев.

Благодарность гостеприимной республике Дагестан, Унцукульскому району, участникам, министерствам и ведомствам выразил со сцены и организатор, инициатор забега Антон Жилин. «Мы рады приезжать каждый год к вам в эти абсолютно красивейшие годы и встречать такое гостеприимство. Надеюсь, что это станет приятной традицией и толчком для развития спорта и туризма в республике», - отметил Антон Жилин.

Для собравшихся выступили народные артисты Республики Дагестан Султан, Рукият Гамзатова, Денис Федоренко, Миная Пенжалиева, Машидат Омаросхабова, Ахмед Шахназаров, Эльмира Меджидова, Разият Сулейманова, дуэт «Азарт», ансамбли «Авадан», «Унцукуль» и многие другие.

Представители нашей информационной службы пообщались и с гостями мероприятия. Один из них - разработчик и организатор туров по красивым местам нашей страны Рома Сухих. «Мы были здесь в горах на забеге и в прошлом году, нам так понравилось здесь все: гостеприимство, красота природы, колорит, быт, традиции, обычаи – что мы за год успели побывать здесь еще 10 раз! Я у себя на Родине в Удмуртии бываю реже», - улыбнулся Роман.

Dagestan Wild Trail – это захватывающий дух горный трейл с возможностью окунуться в настоящий дагестанский колорит. В этом году участие в забеге приняло на 1000 человек больше, чем в прошлом году. А значит, популярность трейлового марафона растет.

Мы благодарим всех, кто принял участие в этом мероприятии. До встречи в следующем году!

# Генуб тоннелалъуб – хасал цIалиял



Гьал къоязда тактикаялъулгун хасал цIалиял унел рукIана Генуб тоннелалъур. Лъалеб букIахъе тоннелалъ гIезегIанго къокъ гьабуна 9 мугIрул районазде нух. Щибаб къойил 4000 гIан автомашина уна гьелда жанисан. Гьениб талихIкъосарал ишал ккунгутIиялъе хIажалъула хасаб бажари.

ЦIалиял унел рукIана ведомствабазда гьоркьосел ишазда ДТПял ккунгутIиялъе. Ишалъулъ гIахьаллъана РДялъул МВДялъул дежурнияб частьгун ЕДДС, ЦППС, ЦУКС.

ЦIалиялъул тактикияб рахъалъул бицунаго, свинабичIеб сигарета чияс гIодобе рехана, КаМАЗ цIун унеб харда цIа рекIана. ЦIадул мацIал тIагIинаризе шоферас авариялъулаб чIей гьабуна, гьеб свинабиялъе. Гьеб заманалда тоннелалъубе бакIарана 20 гIан автомашина. Диспетчерас гьелъул хIакъалъулъ лъазабуна ЕДДСалде, рачIана цIа свинабулел расчетал. МВДялъул ДПСалъул экипажаз къана Заманалъул поселокалде нух. РачIарал цIа свинабулез лъазабуна ккараб цIаялъул хаслъи ва гьеб свинабизе лъугьана. БакIалдаго гIуцIана оперативияб штаб, цIа свинабулаго кIвар кьезе ккоелеб иш бихьизабуна, оперативияб хъулухъ хIалтIана тоннелалъул кIиябго рахъалдасан. ЦIалиялде гьоркьоре рачун рукIана личнияб составалдасан 86 чи, I6 тех. ед.

«Жакъа нилъеца МВДялъул, Минздравалъул, Транспорталъул Министерствазгун цадахъ тIобитIана тактикияб кIваралъул хасаб цIали, гьадинаб къагIидаялъ цIа свинабизе кколел жалазул аслияв рахъал рихьизаруна ва ведомствабазда гьоркьосел бакIазда цIа ккеялъул, свинабиялъул, масъалаби цере лъуна, ай ЧСалъул хIалтIул бихьизабуна. Къокъго абуни цIали ана «ЛъикI», киналго хъулухъал кIасил къоледухъ ралагьана гьабулеб ва гьелъ хIасилал кьуна. Нилъее гьаб буго кIудияб кIваралъул цIали, тоннел бугелъул статегическияб кIваралъул бак1, гьелъ цолъизабула республикаялъул мугIрузул бакIги тахшагьарги»,-ян бихьизабуна Н. КазимухIамадовас.

ГIажаиблъи

## Гьодил ахалъи

Гьодил ахалъи (копчик) ккола гьитIинабго ракьа. ГIалимзабаз абула гьеб бутIа гIемераб заманаялъ ракьулъ букIаниги турун унарилан. Лъидаха лъалеб, щай гьеб туруларебали ва исламияб гIелмуялъ гьелъул хIакъалъулъ щиб абулебали? ХIадисалда буго: «Инсанасулъ буго цо ракьа, кигIан гIемераб мехалъ ракьулъ букIаниги бутIабазде бикьун унареб. Гьеб ракьаялдалъун вахъине вуго инсан къиямасеб къоялъ тIадеги»,-ян. АсхIабзабаз гьикъанила аварагасда (с. т. гI. в.) абунила: «Гьеб буго гьодил ахалъи»,-абун. ГIелмуялъги бихьизабулеб буго Къуръаналда хъван бугеб хIакъаб букIин. Англиялъул микробиологиялъул гIалимзабаз хал гьабуна цевего хварав чиясул. ГIалимзабаз гьесул къаркъала, 6000 градусалде щвезегIан багIаризабураб печалда жанибги лъун бухIана. Гьелдаса хадуб балагьидал, гьезда печалъуб батана цо мугьалъул къадаралда хутIараб рохъо ва гьелда гьорлъ чIагоял клеткабиги. Гьелдаса хадубги гIалимзабаз бухIичIого хутIараб ракьа цIорозабуна 200 градусалде щвезегIан. Гьединги гьеб ролъул мугьгIанисеб ракьа хвечIо. Микробиологаз гьеб цIакъго къуватал кислотабигун жубазабула. Гьедин гьабуниги гьелда гьорлъ чIагоял клеткаби ратана. Гьалдаго релъарал цIех-рехал гьаруна Китаялъул гIалимзабазги. Гьодил ахалъиялъулъе риччала цIакъго къуватал радиоактивиял чIорал ва цIакъго кислотабигун жубазабуна. Щиб гьабуниги, инсанасул гьеб гьитIинаб ракьа тIубанго хвезабизе кIоларо.

Йеменалъул гIалимзабаз, 2003 соналъул рамазан моцIалда, мугъзал ахалъи лъуна газалъул камералъуб ва гьалдезабуна I0 минуталъ, ай гьелъул рохъо лъугьинегIан. Гьелдаса хадуб гIалимзабаз рохъо шишинибги лъун лабораториялде босана. Гьениб балагьидал, ракьаялъул куназе щибго лъугьун батичIо.

# Данделъи букIана




28 марталда букIана иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьеб рагьулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна нилъер районалда лъугIанин ТIолгороссиялъул трейловияб рекери, гьениб гIахьаллъи гьабуна 2000 гIагарун чияс. «РукIана гIемерал гIахьалчагIи, гьалбал, туристал, тадбиралъухъ балагьизе рачIарал. Кинабго кутакалда лъикI ана, нилъеца гьединаб марафон цо исана гуро гьабулеб бугеб. Рохизе ккараб жо буго гьеб щибаб санайилго лъикI унеб букIин».

Гьединго данделъиялда дандрана цогидалги суалал.

# Бузнасан бахъулеб нух ва кумекчагIи



ЗахIмалъи-къварилъиялъухъ балагьичIого, гIадамазухъ, харабазухъ гIенеккичIого МухIамадкамилица хIаракат бахъана, бахъулебги буго жиндирго анищ тIубазабизе. Гьеб нухалъул гьабизе хутIун буго 5-6 км. гIанисеб бакI. Дие гьаниб тIадчIей гьабизе бокьун буго цо гьадинаб хIужаялда. Цо захIматаб бакIалде щведал МухIамадкамилида ракIалде щвана жиндаго цадахъ ГЭС балеб бакIалда хIалтIулев вукIарав, гьабсагIат ХъахIабросдал администрациялъе нухмалъи гьабулев МухIамадов МухIамад. МухIамадкамилица ахIана МухIамадихъе кумек хIажалъун бугин. МухIамад, росуцояв ХIажиев Уллубийги вачун уна нух бахъулеб бакIалде. АбичIого гIоларо ХъахIабросдал жамагIаталъул рахъалдасан щибаб соналъ 2-3 нухалда унаан нухда хIалтIизе хIажатаби босун. Гьаб нухалда МухIамадги Уллубийги ана МухIамадкамилил ахIвал-хIалги бичIчIун, гьенирго чIун хIалтIизе. Бульдозерги бачун гьел кIиязго моцIалъги хIалтIун, 4 км. 500 метр манзил нухлул гьабуна. Гьез абула жал ругин жамагIаталъул вакилзаби гьанире хIалтIизе рачIарал,-абун.

Гьенире гIемерал гIадамал рачIун руго, рачIунелги руго, Аллагьас хъван батани рачIинеги руго кIварас кIварабги босун кумек гьабизе. Нухда хIалтIаразе МухIамадкамилица харжалги кьолел руго. Амма МухIамадги Уллубийги гьенир хIалтIана Аллагьасе гIоло, чIобого, харжалги росичIого. ТIадежоялъе Уллубийица жиндирго пенсиялдалъун чанго нухалъ квербакъиги гьабуна. Гьеб кколарищ унго-унояб сахаватлъиги бахIарчилъиги.

Аллагьас гьезул садакъа азарил даражаялде бахинабеги. Нилъ гьединаздаса чIухIизе ва рохизе ккола. Аллагьас къуват кьеги щивасе лъикIаб гьабизеги квешаб тезеги!

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**
**Нижер мухбир**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 30. 2022 г. 16.30
фактически -17. 20 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.